



Fich Enfòmasyon Aplikasyon pou Renouvèlman Pèmi Polisyon Tit V lan

Dover Air Force Base

Dover Air Force, ki chita nan entèseksyon Route 113 ak Route 10 nan sidès Dover, Delaware, se yon enstalasyon Depatman Defans Ameriken ki gen ladann 436zyèm Brigad Ayeryen (Airlift Wing) lan ak yon Mòg Militè. Nan prensipal fonksyon Dover AFB yo ou jwenn fè mentnans ak depanaj avyon transpò militè sou long distans epi pran responsablite kadav pèsònèl militè yo touye nan tan lagè ak nan tan lapè.

Pèmi polisyon Tit V pou Dover AFB a nan pwosesis renouvèlman epi yon demann pèmi depoze nan Divizyon Kalite Lè DNREC a. Demann lan montre pa gen ankenn inite emisyon ki ajoute nan enstalasyon an alòske plizyè inite emisyon ki te liste sou pèmi Tit V an soti, tankou:

- Laboratwa Tès Motè Avyon Reyaksyon (Inite Emisyon 63)
- Kabin Penti Ekipman Atè pou sèvis Ayeryen (Aerospace Ground Equipment, AGE) (Inite Emisyon 54)
- Kabin Preparasyon Ekipman Atè pou Sèvis Ayeryen (AGE) (Inite Emisyon 54a)
- De Jeneratris Ijans 600 kW (Inite Emisyon 35 ak 40)

Eliminasyon ekipman sa nan Dover AFB lakoz yon bès nan emisyon posib polyan annapre yo:

Polyan	Bès nan Emisyon Posib plizyè tòn/Ane
Oksid Nitwojèn (NOX)	25.7
Konpoze Oganik Volatil (VOCs)	3.37
Monoksid Kabòn (CO)	25.1
Dyoksid Silfi (SO ₂)	0.98
Patikil pi piti pase 2.5 Mikwon (PM _{2.5})	0.45
Patikil pi piti pase 10 Mikwon (PM ₁₀)	0.45
Patikil total (PM)	0.45
Polyan lè Danjere (HAP)	0.23

Enspeksyon ki fet lotre jou ak analiz rapò montre enstalasyon an ap fonksyone selon regleman ak kondisyon pèmi yo.